



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

Elizabeth A. Rose
Chief Executive Officer
School Operations

**52 Chambers Street
New York, NY 10007**

212 374 7868 Tel
212 374 5588 Faks

5 septanm 2018

Chè fanmi elèv ak estaf lekòl:

Mwen ta renmen ba w yon mizajou sou mezi nou pran nan DOE pou asire dlo ki nan lekòl nou yo sennesof pou elèv ak estaf.

Yon fwa pou tout, dlo Vil Nouyòk sennesof. Fanmi elèv ak estaf lekòl la ta dwe rete asire ke dlo nou an se dlo ki gen pi bon kalite nan mond lan. Dlo nan Vil Nouyòk satisfè oswa depase tout nòm federal ak nòm eta a. Anplis, DOE ap travay avèk lòt ajans yo pou asire gen dlo ki sennesof pou bwè nan lekòl yo. Sekirite ak byennèt elèv ak estaf nou yo se pi gwo priyorite nou.

Dapre lwa eta a, tout lekòl yo dwe teste dlo yo pou wè si yo gen plon chak senkan. Otòn sa a, DOE pral kòmanse yon peryòd tès ki pral fini an desanm 2020. Nan premye faz sa a, nou pral teste yon tyè nan bilding yo.

Nou chwazi bilding lekòl ou a pami bilding nan teste an 2018 yo. Depi nou fin teste bilding lan epi nou resevwa rezilta laboratwa yo, w ap resevwa yon avi sou rezilta yo. Nan tout bilding kote rezilta tès montre genyen menm yon sèl sous dlo ki depase nivo a, DOE pral aplike pwotokòl repons ofisyèl li a.

Tanpri ale sou <https://www.schools.nyc.gov/about-us/reports/water-safety> pou jwenn plis enfòmasyon sou pwotokòl solid nou itilize pou garanti sekirite nan dlo n ap bwè a nan chak grenn lekòl.

Avèk senserite,

Elizabeth A. Rose

School Operations